



Ou gen dwa pou retounen nan menm pozisyon an oswa youn ki parèy lè ou retounen nan travay apre ou te pran Konje Peye pou Fanmi.

Enstriksyon pou Anplwaye yo

Sèvi ak fòm sa a si, apre ou te manje Konje Peye pou Fanmi, patwon ou:

- Refize reyentegre ou nan pozisyon ou te ye a oswa youn ki parèy,
- Revoke ou,
- Diminye salè ou ak/oswa avantaj ou yo, epi/oswa
- Disipline ou nan nenpòt fason.

Si ou kwè nenpòt nan bagay sa yo te rive, ou **dwe** mande pou reyentegre ou fòmèlman ak fòm sa a avan.

1. Ranpli Seksyon A, B, ak C nan fòm sa a.
2. Fè yon kopi tout paj yo epi pote kopi a bay patwon ou.
3. Apre ou fin bay li kopi a, ranpli Seksyon D nan fòm sa a san pèdi tan. PA tann pou patwon ou ranpli Seksyon E.
4. Fè yon kopi tout paj pou kenbe nan dosye ou.
5. Voye yon kopi fòm nan (ak Seksyon A, B, C, ak D ranpli) bay **Workers' Compensation Board: Paid Family Leave at PO Box 9030, Endicott, NY 13761-9030** oswa imèl li bay PaidFamilyLeave@wcb.ny.gov.

Sa ki pral pase ansuit?

Patwon ou ap gen 30 jou apre dat* ou te depoze demann sa a pou li:

1. Aji pou korije pwoblèm nan, kote li ka swa reyentegre ou nan menm pozisyon an oswa youn ki parèy; oswa
2. Ranpli Seksyon E nan fòm sa a, kote li eksplike ou poukisa li pa kwè li bezwen ajji pou korije pwoblèm nan.

Si patwon ou reyentegre ou, nou p ap bezwen fè anyen ankò.

Si patwon ou PA reyentegre ou, ou pa satisfè ak repons li a, oswa ou pa reponn demann sa a nan 30 jou:

- Lè sa a ou ka depoze yon *Plent Diskriminasyon/Revanch pou Konje Peye pou Fanmi* (Paid Family Leave Discrimination/Retaliation Complaint, PFL-DC-120) disponib nan www.ny.gov/PaidFamilyLeave.
- Ou menm ak patwon ou pral oblije prezante nan yon odyans devan yon Jij Lwa Konpansasyon Travayè ki pral decide si yo te vyole lwa a. Si yo te vyole li, yo ka pase lòd pou patwon ou a reyentegre ou, peye ou salè ou pa te touche, ak/oswa frè avoka.

*Trant (30) jou a ap kòmanse jou ou te livre fòm sa a sètifye bay patwon ou ki note nan "Sètifikasyon Livrezon" an sou paj 2.

Enstriksyon pou Patwon yo

Patwon, sa a se yon Demann Fòmèl pou Reyentegrasyon yon anplwaye ki kwè ou te fè diskriminasyon oswa pran revanch kont li paske li te mande oswa pran Konje Peye pou Fanmi.

Tanpri gade nan paj 3 pou enstriksyon ou yo.

PIGA OU ESKANE PAJ SA A



Konje Peye pou Fanmi • PO Box 9030, Endicott, NY 13761-9030

Seksyon A - Pou anplwaye a ranpli

Enfòmasyon Anplwaye a

Non (SIYATI, PRENON, INISYAL DEZYÈM PRENON): _____ Dat Nesans: _____

Nimewo Kay ak Ri: _____

Vil, Eta, Kòd Postal: _____

Nimewo Telefòn: _____ Nimewo Sekirite Sosyal / Nimewo Idantifikasyon Taks: _____

Adrès Imèl: _____

Sèks Anplwaye a: G F X

Enfòmasyon Patwon an (JAN LI PARÈT NAN SOUCH CHÈK OU)

Non Patwon an: _____

Nimewo Kay ak Ri Biwo Patwon an: _____

Vil, Eta, Kòd Postal Patwon an: _____

Nimewo Telefòn Patwon an: _____ Nimewo Idantifikasyon Federal (Si ou konnen li) (FEIN): _____

Enfòmasyon Konsènan Peye pou Fanmi an

Chwazi YOUN (1) nan sa yo ki anba la a:

Ou te mande Konje Peye pou Fanmi fòmèlman epi yo te akòde li Dat li Kòmanse: _____ Dat li Fini: _____

Ou te mande Konje Peye pou Fanmi fòmèlman epi yo te refize li

Lòt(TANPRI EKSPLIKE): _____

Dat ou te mande (PFL-1) oswa mansyone Konje Peye pou Fanmi bay patwon (si sa aplikab): _____

Kalite Konje Peye pou Fanmi: Kreye Lyen ak yon Timoun Swen pou yon Fanmi Evènman Militè ki Kalifye

Enfòmasyon Avoka a (TANPRI RANPLI ENFÒMASYON SAYO SI OU TE PRAN YON AVOKA POU ZAFÈ SA A)

Non Avoka a: _____

Nimewo Kay ak Ri Biwo Avoka a: _____

Vil, Eta, Kòd Postal Avoka a: _____

Nimewo Telefòn Avoka a: _____ Nimewo Idantifikasyon Bawo(SI GENYEN): _____

Seksyon B - Pou anplwaye a ranpli

Demann Anplwaye a pou Reyentegrasyon - Ak kat pou tcheke yo ki anba la a, endike aksyon ou kwè patwon ou dwe pran pou korije pwoblèm nan (TCHEKE TOUT SA OU KWÒ LI DWE FÈ).

Mwen te mande ak pran Konje Peye pou Fanmi epi:

Patwon mwen te revoke mwen epi mwen retounen nan travay mwen.

Yo te redwi oswa chanje kantite èdtan mwen travay. Mwen vle retounen travay menm kantite èdtan ak avan mwen te mande Konje Peye pou Fanmi an.

Yo te chanje tach travay mwen. Mwen vle retounen nan menm travay la oswa youn ki parèy ak sa mwen t ap fè avan mwen te mande oswa pran Konje Peye pou Fanmi an.

Yo te anile oswa redwi avantaj mwen yo. Mwen vle retounen ak menm nivo mwen te genyen ak avan mwen te mande Konje Peye pou Fanmi an. (Avantaj kapab genyen ladan, pa egzansp, asirans sante).

Lòt/Plis Enfòmasyon (TANPRI EKSPLIKE):



Seksyon C - Pou anplwaye a ranpli

**MWEN SÈMANTE SOU SANKSYON POU FO ENFÒMASYON, TOUT ENFÒMASYON MWEN BAY YO LA A SE VER-
ITE SELON TOUT SA MWEN KONNEN:**

Siyati Anplwaye a

Dat

Remak pou Anplwaye a: Apre ou fin bay patwon ou yon kopi fòm sa a (ak Seksyon A-C ranpli), ranpli Seksyon D epi voye tout paj bay **Workers' Compensation Board: Paid Family Leave, PO Box 9030, Endicott, NY 13761-9030** oswa imèl yo bay PaidFamilyLeave@wcb.ny.gov epi kenbe yon kopi pou dosye ou.

Seksyon D - Pou anplwaye a ranpli

Sètifikasyon Livrezon

Mwen sètifye, sou sanksyon pou fo enfòmasyon, mwen te bay yon kopi Demann Fòmèl pou Reyentegrasyon Konsènan Konje Peye pou Fanmi sa a bay patwon mwen ki nan Seksyon A nan dat _____ pa (CHWAZI YOUN NAN SAYO KI
ANBA LAA): _____
Dat

Mwen te voye li nan adrès patwon mwen ki sou fòm sa a

Mwen te depoze li mwen menm bay:

Non: _____

Nimewo Kay ak Ri: _____

Vil, Eta, Kòd Postal: _____

Mwen te imèl li pa atachman bay:

Non: _____

Adrès Imèl: _____

Mwen te faks li bay _____

Siyati Anplwaye a

Dat



Enstriksyon pou Patwon yo

Selon Lwa Konpansasyon Travayè seksyon 203-b ak 120, si nenpòt anplwaye mande Konje Peye pou Fanmi:

- Ou fèt pou reyentegre yo nan menm travay yo te ye a oswa youn ki parèy,
- Ou PA gen dwa revoke yo,
- Ou PA gen dwa redwi salè ak/oswa avantaj yo,
- Ou PA gen dwa disipline yo paske yo te mande oswa pran Konje Peye pou Fanmi.

Nan **30 jou** oswa pi piti apre dat* demann sa a, ou oblije:

1. Aji pou korije pwoblèm nan, kote ou ka swa re-entegre anplwaye a nan menm pozisyon an oswa youn ki parèy; oswa
2. Ranpli Seksyon E nan fòm sa a, epi eksplike anplwaye a poukisa ou p ap ka aji pou korije pwoblèm nan. Ou ka voye yon repons separe, men li dwe tache ak fòm sa a. **Ou dwe voye paj 1-3 nan fòm sa a ak nenpòt atachman bay anplwaye a, avoka anplwaye a (si gen youn nan fòm sa a) ak bay Komisyon Konpansasyon Travayè a: Paid Family Leave at PO Box 9030, Endicott, NY 13761-9030 oswa imèl li bay PaidFamilyLeave@wcb.ny.gov.**

Si ou pa reyentegre youn anplwaye yo ka enpoze po pou peye pou domaj asirans ou pa garanti.

Si ou reyentegre anplwaye a oswa li pa vle pouswiv yon plent pou diskriminasyon/revanch apre li resevwa repons ou pou demann sa a, ou pa bezwen fè anyen. Men, apre 30 jou, anplwaye a gen dwa pou depoze yon plent ak Komisyon Konpansasyon Travayè a. Si Komisyon an twouve ou te vyole seksyon 203-b ak/oswa 120 Lwa Konpansasyon Travayè a, li ka mande pou mete anplwaye a nan yon travay ki parèy, fè ou peye li salè li te pèdi depi lè konje li te fini a ak enterè, fè ou peye frè avoka, ak/oswa ba ou yon sanksyon pou jiska \$500.

*Trant (30) jou a ap kòmanse jou anplwaye a te livre fòm sa a sètifye bay patwon an ki note nan "Sètifikasyon Livrezon" an sou paj 2.

Remak pou Patwon an: Voye paj 1-3 fòm sa a (ak Seksyon E ranpli) bay Workers' Compensation Board: Paid Family Leave at PO Box 9030, Endicott, NY 13761-9030 oswa imèl li bay PaidFamilyLeave@wcb.ny.gov lè w ap soumèt repons ou.

Seksyon E - Pou patwon an ranpli

Repons Patwon an Konsènan Demann pou Reyentegrasyon Anplwaye a

Non: _____

Nimewo Kay ak Ri: _____

Vil, Eta, Kòd Postal: _____

Nimewo Telefòn: _____ Nimewo Idantifikasyon Federal (FEIN): _____

Tcheke rezon ki anba la a pou bay defans ou. Ou ka tache plis dokiman ak fòm sa a pou kore defans ou yo.

- Yo te elimine peryòd travay anplwaye a te genyen avan li te mande oswa pran Konje Peye pou Fanmi an.
- Tan siplemantè anplwaye a te konn travay avan li te mande oswa pran Konje Peye pou Fanmi pa disponib ankò.
- Anplwaye a pa te janm mande oswa pran Konje Peye pou Fanmi.
- Anplwaye/moun k ap fè reklamasyon an pa travay pou biznis sa a.
- Lòt/Plis Enfòmasyon (TANPRI EKSPLIKE):

Siyati Patwon a _____ Dat _____

Ekri Non an Lèt Detache _____

